An illustration of a man and a woman. The man is on the left, wearing a light-colored, short-sleeved button-down shirt and dark trousers, looking towards the right. The woman is in the foreground, wearing a light-colored, possibly lace-trimmed top, looking directly at the viewer. The background is a solid green color.

# isih ana KAELOKAN

OLEH: NY. ANDI

isih ana  
KAELOKAN

OLEH: NY. ANDI

LEMBAGA LITERATUR BAPTIS  
BANDUNG

1975

Hak pengarang dan hak penerbit dilindungi oleh undang<sup>2</sup>. Buku ini tidak boleh disalin, dikutip, atau dijiplak, dengan cara bagaimanapun juga, baik kata<sup>2</sup> nya maupun gambar<sup>2</sup> nya, tanpa izin penerbit (kecuali bahwa kutipan yang tidak melebihi 50 kata boleh dipakai dalam rangka resensi atau iklan).

KHUSUS UNTUK KALANGAN SENDIRI

LEMBAGA LITERATUR BAPTIS  
Jl. Tamansari 16  
Kotak Pos 56  
Bandung

10 - 75 - 2.000

## ISIH ANA KAELOKAN

I

Aku anyel banget yen kanca<sup>2</sup>ku ngundang aku Trinil, kang kerep<sup>2</sup>e dicekak Nil ngono bae. Aku mesthi banjur kelingan bocah wadon kang gawene adol pecel lan mesthi liwat sangareping omahku; rambute brintik, kulite ireng mbesisik, kathik bocahe cendhek pisan.

Wis meh telung taun ora ana wong ngundang aku Trinil. Nanging saiki, pemudha sing lungguh ana ngarepku, sing telung taun kepungkur tak tanting katresnane, kandha:

"Priye Nil, kok penggalih ora panyuwunku?"

Telung taun pepisahan, ora akeh owah<sup>2</sup>an kang dak sumurupi. Rambute ireng ngandhan andhan; irung, mripat lan bathuk "potongan Yunani" jare kanca<sup>2</sup>ku. Kejaba umure kang tambah, eseme lan carane nyawang aku, isih ajeg kaya biyen.

"Priye Nil?" pitakone maneh.

"Jenengku Magdalena," wangsulanku cekak.

"Ah hiya, aku kok lali." Dheweke mesem. "Asma kang cocok banget karo sing kagungan; Magdalena Tri Widati. Banjur aku kudu ngaturi kepriye? Jeng Magda apa Jeng Lena?"

"Sakersa. Kanca<sup>2</sup> kene ngundang aku Magda."

"Ya wis aku melu rombongan kang akeh bae. Nah, jeng Magda, saiki wangsulana pitakonku."

"Apa?" aku tambuh.

Dheweke unjal ambegan, mbuwang rasa gregeten. Tangane nduduti alis kang ora dosa; nanging isih nyoba mesem: "Jeng, olehku ke-raya<sup>2</sup> mrene kuwi mung saperlu nyuwun sih kawelasan; kersoa sliramu ngancani aku urip ana ndonya iki."



"Mung ana ndonya thok?" panggodhaku.

"Ah, jeng Magda rak ya ngerti ta, yen kanggone umat Kristen, jejodhowan mono ora bisa dipedhotake dening apa bae."

"Hm, panjenengan kesupen yen aku dudu wong Kristen?"

"Ora sah goroh ta, wong dina nalika jeng Magda dibaptis kae, aku ya ngerti kok, senajan aku kepeksa ora bisa ngestreni."

Aku ora mangsuli. Sawise patemon sawetara jam suwene, lan wis krungu kabeh crita kang tak antu<sup>2</sup> saben dinane, thukul gagasanku genti arep mbebeda; idhep<sup>2</sup> nagih anakan nalika dheweke ora saguh mitulungi aku ing jaman semana. Drijiku uwat uwet dolanan pucuking taplak meja. Mripatku nyawang drijine kang isih tetep kothong. Kudune biyen ali<sup>2</sup> kanthi ukiran jenengku wis tumlesep ana kono.

"Saiki aku wis ora kepengini omah<sup>2</sup> kok mas," wangsuliku lirih, "lan aku wis krasan ana kene."


"Yen ngono jeng Magda ora mesakake aku?" Penyawange nembus jantungku. Aku mesem kamba. Esem kebak pangece. Telung taun kepungkur. Aku nangis kekejer ana ing ngarepe njaluk supaya diwelas. Saiki dheweke kembeng<sup>2</sup> eluh, ngrerapu lunturing sihku. Donya pancen kebak kaelokan. Aku nglirik jam tanganku, meh jam sanga. Sedhela maneh bakal keprungu bel, tandha tamu<sup>2</sup> kudu metu saka asrama. Mula aku nuli kandha: "Jam terima tamu wis meh entek. Saiki panjenengan kondur bae luwih dhisik, lan aku arep nyaosi keputusan suk malem Minggu iki."

"Dadi isih telung dina engkas, apa ora bisa sesuk sore ta jeng?"

"Kok nganyang," batinku. Aku mung mesem, lan banjur ngadeg. Dheweke melu ngadeg, lan nyandhak tangan kang

dak ulungake. Klebu suwe kanggo ukurane wong sesalaman.  
Yen ora enggal<sup>2</sup> dak tarik mesthi dheweke uga ora bakal  
ngeculake. Sandiwaraku durung rampung; dheweke uga kudu  
melu ngrasakake glibegan ora bisa turu kaya kang tansah  
dak alami.

---



Kaya film kuno diputer maneh; lelakon telung taun kepungkur pating jredhul metu saka siji, runtut kaya nam<sup>2</sup> an payon sandhuwure paturonku.

Pemudha mau jenenge Edwin. Genepe Edwin Hutabarat. Kepethuk sepisanan ana ing peploncowan.

"Sapa jenengmu?" panggetake. Katujune aku wis kerep didongengi mbak Dwi lan mas Agung kepriye carane ngadhepi senior<sup>2</sup> kuwi.

"Trinil," wangsulanku lirih semu wedi.

"Apa ilatmu cedhal, kok ora bisa nyuwara banter?"

"Trinil, senior," aku ngambali wangsulanku luwih sora.

"Apa? Senior?" dheweke tansaya nesu. "Aku ini ndara, ngerti?"

"Inggih ndara," wangsulanku tumungkul. Aku rada dheg<sup>2</sup> gan, amarga olehe nggetak<sup>2</sup> kok tenanan.

"Ha, rak ngono, muni ndara bae kok dhingkluk. Apa aku ana ing jempolane sikilmu?"

Amarga wedi aku ndengengek, nyawang dheweke.

"Sapa sing mrentah kowe ndangak<sup>2</sup>?" anggone nggetak aku karo mentheleng. Aku age<sup>2</sup> ndhingkluk maneh "hm, cilaka tenan ane," batinku.

"Sapa sing menehi jeneng Trinil?" Aku bingung golek wangsulan kang kira<sup>2</sup> nylametake awakku. mBotkmenawa kesuwen anggonku mikir, ndara Senior kuwi wis gedrug<sup>2</sup> nesu. "Bocah budheg, ditakoni ora wangsulan. Apa kepengin tak ukum ya?"

"mBoten ndara," wangsulanku seret. Lühku meh netes. Aku kelingan bapak kang jarene kanca<sup>2</sup>ku kolot kuwi, yen



ngendikan mesthi sareh lan alus. Saiki aku di-getak<sup>2</sup> wong tanpa dosa.

“Sapa sing njenengke kowe Trinil ndhuuuuuk,” pam-bengoke.

“Anu ndara . . . sekolahan.” Wis kebacut keprucut gunemku sing salah. Durung nganti dak benerake ndara senior kuwi wis mencak<sup>2</sup> nesu: “Goblok, gobloook; kaya ngono gobloke kok arep dadi mahasiswi. Hm, kudu dak kapakake bocah iki ya.”

“nDara, kula nyuwun kawelasan, kula ingkang lepat,” aku wis wiwit prembik<sup>2</sup> wedi kena paukuman kang abot utawa gawe wirang. “Inkang maringi nami Trinil punika ndara<sup>2</sup> Senior.”

Embuh amarga nyawang awakku sing kuru kuwi, apa amarga luhku, aku ora ngerti, nanging ndara senior kuwi ora nerusake pitakonku.

“Endi kartumu?” ngono prentahe kanthi tembung kang rada sareh.

Kanthi tumungkul kartu dak ulungake. Mesthi dheweke maca jenengku: Tri Widati Partokusumo. Aku mbatin mesthi dheweke nyawang potretku rada suwe lan banjur ngapalake alamatku barang. Muga<sup>2</sup> bae kabeh kang kapacok ana ing kartu kuwi bisa ngedohake aku saka paukuman.

“Hm, jenengmu kapiken. Mengko tekan ngomah matur bapak ibu supaya diganti Keblak ngono ya.” Aku nggeget lambe ngampet rasa serik, nanging isih bisa sumaur: “Inggih ndara.” mBokmenawa aku pancen kaya keblak. Rambut diklabang dadi rolas ler, ditaleni godhong gedhang, rok pating kedhobroh sambung<sup>2</sup>an, ngindhrit sapu lan caping, pantes yen kaya keblak. Mengko aku arep ngaca maneh sawise tekan ngomah.



Senior kuwi saiki wis dadi kekasihku, woding atiku. Pancen maune mung diwiwiti nganggo mangan bakso bebarengan, ngiras burjo ana ing pojok Treban, utawa sinau bebarengan ana ing perpustakaan.

Kapan wiwite wiji katresnan kuwi thukul ana ing atiku, aku dhewe ora ngerti; krasa<sup>2</sup> wis ana wit kang ngrembuyung ngebaki ati; oyote wis kuwat tumanjem ana ing uripku. Ibu dhewe mestani yen aku kapilut ing asmara amarga saka kulina. Ah apa ya bener ta ya?

"Ya ora ana ta wong Sumatra kok diundang mas Hut, kudune kak Edwin," kandhane nalika aku sepisanan ngundang dheweke mas Hut.

"Aku arep gawe modhel anyar kok," wangsulanku aleman. Mas Hut ngguyu kepranan. Dheweke ora ngerti yen anggonku nyekak jenenge kaya ngono mau kanggo rada "njawakake," amarga wong tuwaku senenge marang wong Jawa kuwi ke-pati<sup>2</sup>. Kamongka, sawise runtang-runtung rong taun karo Mas Hut, aku ngerteni bebudene kang utama. Ya bener omongane tandhes kladuk banter; nanging atine kencana. Mas Hut kerep nerangake yen bantere swara, cepete tetembungan kang kewetu ora kena kanggo ukuran bebudene wong mau. Akeh bae wong Yogya Sala kang omongane alus lumer, nanging isine kebak wisa. Ing batin aku setuju, senajan aku ora wani ngaturake bab mau ing ngarsane bapak ibu. Wong tuwaku sakarone dudu kaum kolot, nanging ing bab milih mantu; durung saged nilar petungan<sup>2</sup> kang wingi<sup>2</sup> dianut para sepuh kang wis padha seda. Nalika ibu pirsas sesambunganku karo mas Hut tansaya rapet, panjenengane wis ngedegake umbul<sup>2</sup> tandha perang. Lan wis kadadeyan campuh perang cilik<sup>2</sup>an; embuh amarga aku arep nonton bareng, mulihku saka sinau kewengen, olehku nyandhang rada beda lan sapanunggalane. Kabeh wewayangan kang metengi kabungahanku kuwi wis dak critakake marang mas Hut, kang padatan mung ditanggapi sarana esem thok.

"Mas Hut, aku rada kuwatir ki," kandhaku sawijining dina nalika aku sakloron lelunguhan ana sangisore wit

semboja gedhe pepasrene Gembira Loka. Sirahku dak sendhekake ing lengene kang sentosa kuwi tanpa mikirake kepriye panemune wong<sup>2</sup> kang padha pating sliwer liwat ing sak mburiku.

“Bab ibu?” pitakone. Gogrogan godhong semboja kang dicekel, di-kebut<sup>2</sup>ake kanggo ngilangake sumuke.

“Hiya mas. Ibu tambah sereng ki yen ngendika,” wadulku ngati<sup>2</sup>.

“Lha bapak kepriye?”

“Saiki bapak isih kendel bae, nanging dak kira, samongsa ngendika ya mesthi melu barisane ibu. Sing uwis<sup>2</sup> bapak ki kalah kok yen dhebatan karo ibu.”

“Hm, mulane putrane ya pinter dhebat, dadi tiru keng ibune ta,” panggodhane.

“Iki ora guyon lho mas, aku lagi judheg tenan.” Sirahku tak angkat lan banjur mapan lungguh ngadhepake dheweke.

“Ya awake dhewe sing kudu sabar ta Nil. Yen gegayuhan kita mantep, Pangeran mesthi ngijabahi,” panglipure mas Hut kang ora tau keru nyangking asmaning Pangeran ing satengah-ing ukara.

“Ning mas Hut apa kena dak antepi?” panyawangku kedhep tesmak.

“Karepmu?”

“Saupama ana apa<sup>2</sup>, apa mas Hut kersa nampa pasuwitanku?”

“Ana apa<sup>2</sup> kuwi upamane apa? Aku kok ora ngerti ta Nil?”

Aku gemes banget. Kudune dheweke ngerti lan mangsuli “ya.” Mokal ta saupama ora ngerti kuwi. Lambeku njaprut besengut. Mas Hut tanggap marang kagoling atiku. Tanganku dicekel, digegem, karo kandha: “Nil, katresnanku nyang

Saupama mas Hut ora ngendheg endhegi wadulku nganggo khtobah<sup>2</sup>e, mesthi aku bisa crita kedadeyan seminggu sadurunge. Nalika kuwi aku lagi ngrampungake dondoman. Rok biru enom kang arep dak enggo nonton suk malem Minggu karo mas Hut. Warna biru kasenengane. Nganti pirang<sup>2</sup> rokku biru, ana sing strip<sup>2</sup> putih, trutul<sup>2</sup> ireng lan liya<sup>2</sup>ne. Lucu ya katresnan kuwi. Ora ngira yen aku, putra wuragil bapak Partokusumo kang diugung ana ngomah, kasembadan kabeh sapanuwune, asrah pongkoki marang sawijining pemudha "njaban rangkah," kaya tetembungan kang kerep diagem ibu.

"Wis nggawe rok anyar meneh ta ndhuk," pandangune ibu kang banjur lenggah ana sandhingku. Aku mung ngguyu. Ibu ora tau duka pirsas kasenenganku dondom, malah kepara jinurung.

"mBak Dwi durung bali ta?" pandangune, mbasakake mbakyuku tumuli; Dwi Prapti.

"Durung bu, jarene mau terus arep nyang Ngasem mbalekake buku."

"Masmu Agung kok ya suwe ora tau kirim layang." Mas Agung iku putrane ibu kang pembarep. Aku rada mikir<sup>2</sup> ngrungokake pangandikane ibu kang ora mapan enere kuwi. Pambatanku ora mlesed.

"Dadi kowe ki sida mantep tenan ta?" pandangune.

"Bab apa bu?" aku ethok<sup>2</sup> ora ngerti.

"Sapa maneh?"

"Ooo mas Hut ta?" aku nyandhak kersane. Tambur perang wis siyaga diunekake, lan gumantung marang aku -- nglawan apa teluk.

"Mas Hut kuwi nyenengake bu, dak gagas dheweke pantes dadi pangayomanku."

"Gagasen ta ndhuk," ngendikane ibu. "Ibu kok arep

ngremehake nak Hut kuwi babarpisan ora. Mung bae wong jejodhowan kuwi ora bisa gumampang mung dhedhasar seneng lan pantes. Coba ta, kowe bae durung tau kepethuk wong tuwane kana, durung ngerti apa ganep apa ganjil, njur panguripane, apa .....

"Bapakne kagungan perusahaan kopra bu, lan ya kagungan kebon klapa barang," wangsulanku manut apa kang wis dicritakake mas Hut marang aku.

"Lha kuwi rak bandhane wong tuwane, kamongka bandha warisan kuwi ora mesthi ngrejekeni," pandhesekke.

"Taun ngarep mas Hut lulus dadi Insinyur."

"Apa kuwi wis ateges uripmu bakal seneng lan tentrem?"

Rembugan karo ibu sing pinter ngenyel pancen angel. Aku dhewe dadi ora mudheng apa sing dikarsakake kanthi pandangune sing mubeng munyer mau.

"Kersane ibu priye ta?" Dondoman dak selehake, lungguhku rada minger sethithik supaya luwih pramana anggonku ngrungokake pangandikane ibu.

"Ngene lho ndhuk, jejodhowan kuwi ora gampang. Kudu dipikir, ditimbang lan dietung." Rumangsaku wis ana rong taun anggonku nimbang lan mikir keputusan kuwi. Aku ora ndungkap kersane ibu ing bab petung mau.

"Hara jajal, gek nak Hut kuwi lahire dina apa, lan wetone apa? Apa ya kabeh mau cocok karo dina lan wetonmu?"

"Ooo kuwi ta sing dikersakake kudu dietung mau," batinku. Aku isih meneng bae. Mripatku kelap kelop nyawang tembok samburine ibu.

"Lha mbok ya diurugana bandha sagedhong, yen wetonmu sakarone ora gathuk, ya bubar, ambyar." Aku kelingan kandhane mas Hut, jare kanggone wong Kristen, kabeh dina kuwi becik.

"Pancen kanggone wong kana ora nganggo weton<sup>2</sup>an kok bu," aku nyoba mbelani mas Hut.

"Lha apa maneh ora nganggo weton<sup>2</sup>an. Saya angel ndhuk. Kuwi bae lagi bebaya sepisanan kang kudu kok pikir. Kejabane kuwi kowe kudu eling sapa calon. maratuwamu. Tetembungan ora padha, kesenengan tan pakareman beda; oooo kowe diajak mrana, ora bisa anggonmu ngladeni maratuwa, kowe sida dipegat ndalan mengko."

Aku sok mangkel banget yen ibu wis ngendika kasar<sup>2</sup> kaya ngono mau. Bener mas Hut, yen saka tetembungan kang arum manis, alus lumer, bisa nyemburake wisa. Mripatku wis wiwit kedhap-kedhep ngempet jeboling bendungan eluh. Aturku seret: "Wong mas Hut ki agamane Kristen kok bu, dadi omah<sup>2</sup> kuwi mung sepisan ora kena pegatan."

"Lha tansaya maneh," ngendikane ibu kaya oleh angin anyar. "Tambah cilaka kowe. Ya yen jodho, lha yen ora? Dadi sajegge urip kudu ngladeni kakung sing ora dicocoki?" Aku ndengengek arep atur wangsulan, nanging ibu wis nyambung: "Kowe ngarani nak Hut apik kuwi rak saiki, amarga kowe lagi gandrung. Apa wong kuwi ora owah gingsir? O ndhuk, ndhuk. Kowe kuwi isih durung ilang pupuk lempuyangmu, durung pengalaman. Wong lanang kuwi pinter ndhuk. Yen ngarah bocah wadon, yen durung kecekel, ora kaya wong lanang tlatene, ning mengko nek wis jeleh, ya ora kaya wong lanang mbuwange."

Aku mrebes mili, serik krungu tetembungan kang kasar tumuju marang kekasihku, woding atiku. Aku dhewe wis yakin yen mas Hut ora padha karo wong<sup>2</sup> lanang liya. Dheweke ora tau tumindak kang luwih saka pagering kasusilan. Hm, saupama wingi<sup>2</sup> aku sinau sethithik bae bab agamane mas Hut; aku rada bisa mbentengi panemuku. Saiki aku kepeksa mung meneng.

Ibu jumeneng nyedhaki lawang: "Eling ya ndhuk," ngendikane seret kebak panelangsa. "Wong jejodhowan kuwi bisa pisah. Katresnaning bojo bisa luntur. Kang langgeng iku mung katresnaning biyung. Amarga tresnaku marang kowe, dak bukak wewadi iki. Coba sepisan maneh pikiren: Kowe omah<sup>2</sup> oleh wong manca, seje agama, seje adat, seje basa, beda sakabehane. Apa kene kurang bocah lanang sing bagus<sup>2</sup> lan pinter<sup>2</sup> ta? Lha mbok kok pilih salah siji kanca<sup>2</sup> ne mas Agung kae, apa Samaji, apa Guritno, apa Suseno? Oh Tri, Tri, kok kaya Yogya wis kentekan jago." Bubar ngendika kaya ngono mau ibu terus muwun. Embuh marga duka, getun utawa sungkawa. Gorokanku dhewe wis asat. Mripatku wis pedhes kanggo dalaning eluh.





#### IV

Kabeh mau mung pucuking lelakon. Mas Hut ora bisa ngudhari karuwetanku. Malah dheweke njola nalika dak jak minggat bareng. Mas Hut kesucinen. Wedine marang Pangeran kang jejuluk Yesus kuwi kebangeten. Kaya<sup>2</sup> dheweke ora duwe tetembungan liya kejabane sabar, ndedonga, lan sumarah. mBak Dwi enggal ngadhepi ujiyan<sup>2</sup> sekolah, mas Agung repot gaweyane lan adoh dununge; dene bapak ibu ora mantep yen putra mantune dudu priyayi Yogya apa Solo. Ya wis. Ora ana sing perlu dak gondheli. Kanthi samudana nginggati mas Hut aku diparengake nusul mas Agung menyang Surabaya. Budhalku sesidheman, kabeh keluwargaku arep nyimpen wewadi bab lungaku iki. Aku ora preduli kepriye polahe mas Hut, nanging layang sak suwek bae ora ana kang dak tinggalake kanggo dheweke.

Mas Agung saguh nyimpen wewadiku. Nanging aku ora manggon saomah karo dheweke, aku dititipake ana ing Asrama Putri Kristen. Malah ya saka pambudi dayane ibu Asrama mau, aku bisa mulang ana ing SMP Kristen kanggo samben kuliah.

Babarpisan aku ora duwe krenteg dadi wong Kristen. Aku ngajeni amargo mas Hut. Malah gumune atiku, jebule mas Agung saiki uga wis dadi pandhereke Yesus, mbuh amarga gosokane kanca<sup>2</sup> ne embuh awit saka Direkture kang ora tau absen saka greja kuwi. "Aja matur ibu nek aku wis dadi wong Kristen," ngono welinge. Aku mung ngguyu geli; kok putra pembarep kang di-agul<sup>2</sup>ake ibu wani ngajak jethungan wong tuwane.

Asrama kang dak pondhoki iki pancen beda banget swasanane, Siji lan sijine katon rukun. Ya ana kene iki mbaka sethithik aku krungu wulangan<sup>2</sup> ne Gusti Yesus, lan kepriye para pandhereke kuwi padha ngetrapake. Kanthi ora tak rasa atiku saya ketarik. Saben<sup>2</sup> krungu wulangan<sup>2</sup> mau aku kelingan mas Hut. Hm, ora aneh, mulane dheweke andhap asor, ngajeni liyan, ngasihi lan ngurmati wong tuwaku senajan tangkepe wong tuwaku marang dheweke ora becik. Sewu ora ngira yen aku nampa kaelokan, bisa dadi pandhereke uga, kang disekseni dening wong akeh kanthi jeneng Magdalena.

Aku milih jeneng mau ora kok amarga aku wong sedheng, nanging aku nggumuni gedhene katresnane Gusti Yesus marang Magdalena. Lan aku, kang wektu iku rumangsa luwih becik tinimbang Magdalena, mesthi bakal oleh ganjaran luwih gedhe uga. Apese, Gusti bakal nemokake aku lan mas Hut.

Saiki aku bisa ngguyu kelingan pangrumangsaku mau. Carane wong mlaku, aku iki isih bayi kang durung bisa jumangkah. mBrangkang bae isih bola-bali krungkep. Bab kuwi katandha saka angkuhku, angkuh ora gelem awèh kabar marang mas-Hut; angkuh amarga ora bisa nresnani bapak ibu sawise atiku kecuwan; angkuh amarga ora gelem ngakoni yen ing sajrone batinku tansah ngarep<sup>2</sup> supaya bisa ketemu maneh karo mas Hut. Magdalena mertobat lan banjur ndherek Gusti, aku mertobat lan banjur ngaturi Gusti supaya nuruti kekarepanku.



Dina Kamis sore, jam tanpa tamu durung tekan pandome. Aku ditimbali ibu Asrama: "Magda, ana tamu adoh lho." Mak dheg atiku. "Ditemoni ana kamar tamune ibu bae."

Ora padatan ibu Asrama marengake bocah<sup>2</sup> nemoni tamu<sup>2</sup> pribadhi ana ing kamar tamune. Atiku tansaya krumungsung kepengin ngerti sapa tamu kuwi. Muga<sup>2</sup> bae mas Hut, nanging mokal, amarga dheweke ora ngerti yen aku ana kene. Upama bapak ibu, methi njujuge nyang mas Agung. Kesusu banget anggonku salin. Rok biru kang mau esuk dak

enggo kuliah tak saut terus dak enggo ngono bae.

Lawang kamar tamu gumerit menga. Dheweke noleh: "Mas Hut," bengokku, kang sakedhepan maneh aku wis ana ing rangkulane.

"Wis ah lenggah kene sing apik aja muwun, ketemu kok malah nangis ki priye," kandhane karo nuntun aku lungguh ana ing kursi sangarepe. Aku ibut ngulapi eluhku. Clanane wool ireng, semono uga sepatune sing disemir nggilap nganti katon wayangane ana ing tegel.

"Aku ora dibagekake ta?" dheweke miwiti mbanyol.

"Kok mas Hut pirsane yen aku ana kene?" pitakonku sawise atiku rada sareh.

"Wong mata<sup>2</sup>ku se-pirang<sup>2</sup> kok ana Surabaya kene; mbok sliramu mabur tekan ngendi bae ta mengko aku rak ngerti. Ning sing perlu tak ngerteni, priye kabarmu sasuwene ana kene."

Aku ndengengek. Panduluku tempuk karo panyawange. Aku sing kalah. Mas Hut tambah gantheng. Rambutku dak silakake. Wangsulanku sumeh: "Ya ngene iki ta mas, tambah lemu."

"Tandha makmur."

"Utawa beri<sup>2</sup>." Aku wong loro padha ngguyu.

Sedhela bae swasana kang kaku mau wis ilang. Dongengku ngethupyuk ora entek. Lelakon<sup>2</sup> sajrone telung taun kesuntek ing wektu sawetara jam; pating plencat ora karuwan, saupama ditulis didadekake buku, bakal ditampik mentah<sup>2</sup>an karo redaktur. Sasuwene kuwi mas Hut mung urun ngguyu yen critaku lucu, manthuk<sup>2</sup> yen sajak mesakake utawa seruju ing atine. Suwe<sup>2</sup> aku krasa ngelak, tak samun nganggo tembung: "Ning diunjuk dhisik ta ese, yen wis genti mas Hut sing ndongeng kepriye mula bukane tekan kene iki."

"Lha aku ora ditawani ngaso barang dhisik ta?" pitakone.

Aku kecipuhan: "Kene asrama putri ki mas?" Mas Hut ngguyu: "Coba nyuwuna idin ibu Asrama, mengko rak diparengake."

Aku mesthi bae ora wani, luwih becik yen mas Hut nginep ana panggonane mas Agung, lan aku bisa tilpun saka kene supaya dipapag. Nanging durung nganti tak kandhakake gagasanku mau, ibu Asrama rawuh nyedhaki aku sarta ngendika: "Ditepungake bae ya Magda, iki keponakanku, jenenge Edwin Hutabarat. Bapakne Edwin kuwi kangmasku sing nomer loro." Ibu Asrama gumujeng karenan mriksani aku ndomblong kamitenggengen. Mas Hut mesam-mesem nggregetake.

"Layak," mung kuwi kang kawetu saka lambeku. Sedhela meneh aku pamit bali menyang kamarku, sawise janji arep ketemu maneh ngrungokake dongenge mas Hut sing dawa, sawise padha dhahar bengi.

"Sore kuwi aku ngampiri nonton dhik Nil, mung ketemu bapak ibu lagi padha muwun," ngono mas Hut olehe miwiti ndongeng. "Putrane wuragil sing kenes kae, lunga saka ngomah tanpa pamit." Sikile dak jejak lirih, nanging aku seneng dielokake kenes mau.

"Aku nganti kaya wong edan dadakan, meh bae tesisku ora bisa rampung," setengahe mas Hut arep nyalahake aku. "Katujune kanca<sup>2</sup>ku sakgreja ora kendhat nglelipur lan gedhekake atiku. Malah ya saka pangrojoging kanca<sup>2</sup> mau aku tambah kerep sowan bapak ibu, ing sakawit kanggo nglipur kang padha sungkawa, lan maneh uga kanggo nambani atiku dhewe. Wektu samana aku durung ngerti yen lungane dhik Nil kuwi wis diatur luwih dhisik." Mas Hut mandeng aku, aku mesem klicutan. "Coba hara, apa perlune mlayu<sup>2</sup> kuwi, aku tak krungu?"

"Wis ta, saiki mas Hut dhisik crita, mengko aku meneh."

"Suwening suwe, mbuh pancen kabeh iki wis dadi pepesthen, apa pancen kaelokaning Pangeran kang Maha Kuwasa, penggalihe bapak ibu tumrap aku seje. Katresnane saya katon. Yen aku ora sowan rong sore bae, wis diweling<sup>2</sup>ake mbak Dwi." Aku manthuk<sup>2</sup> bungah.

"Nalika aku tanpa serate budhe kang mratelakake yen dhik Nil wis dibaptis, aku sakanca padha nganakake pasamuwan cilik, matur nuwun marang Gusti. Ya wiwit wektu kuwi banjur dianakake pasamuwan donga, nyuwun supaya bapak ibu uga saged kapilih dening Gusti."

"Ning mokal mas Hut, wong penggalihe bapak ibu kaya ngana kae pengkuhe, luwih<sup>2</sup> ing bab kapitayan."

"Ya kuwi. Mokal kanggone menungsa, ora mokal kagem Gusti."

"Kersamu?"

"Yen kita nyuwun kanthi temen, lan panyuwun mau apik tumrap Gusti, mesthi bakal kaleksanan." Panyawange marang aku tembus ing ati, kaya<sup>2</sup> ngelingake lelakon taun<sup>2</sup> kepungkur nalika aku ora tau ngandel bab panguwasane donga. Aku mbenakake lungguhku kanggo ngipatake rasa getunku.

"Bab bapak ibu, mas Hut apa hiya yakin yen bisa kelakon?"

"Kena apa ora? Kanggoku, Gusti Yesus kuwi Gusti kang sugeng, kang kuwasa. Yen biyen Panjenengane bisa damel sawernane kaelokan, semono uga saiki, Panjenengane isih kuwasa damel kaelokan<sup>2</sup> kang muskil<sup>2</sup>, kang ora bisa diguda dening manungsa."

"Apa ana tandha bukti yen bapak ibu bisa kagered bebarengan sowan marang Gusti?" Aku isih mamang.

"Lha kuwi sing lucu. Mas Agung ndherek Gusti ora wani matur. Dhik Nil ndherek Gusti ora wani kirim serat. Kamongka bapak ibu wis dibaptis ing wulan Desember wingi . . ."

"Tenan mas Hut?" aku meh mbengok.

"Tenan. Malah bapak ibu arep nyimpen wewadi mau nganti kabeh putra padha nglumpuk. mBak Dwi wis setahun sing kepungkur," mas Hut katon lega banget nyritakake kadadeyan mau. Atiku rumangsa kebak dadakan, mbludage metu saka mripatku. Aku nangis kebak kabegjan.

"Nanging aku krungu saka budhe, jare dhik Nil ora gelem bali lan wis ora duwe niat omah<sup>2</sup>, kuwi apa bener?"

Hm, yen ngono kabeh sapari polahku kang ora tau pegat saka pengawasane ibu Asrama kuwi jebul ana buntute. Aku mesem cemplang. Biyen mula aku tau ngalirake gagasan kaya ngono nalikane wis entek pang-arep<sup>2</sup>ku. Nanging kanthi

pitakonan mau aku oleh dhadhakan njajagi katresnane mas Hut marang aku.

"Bener mas Hut," wangsulanku lirik.

"Sebabe?"

"Aku biyen tau nresnani sawijining pemudha," satle-raman dheweke mesem, "nanging ora tanggung jawab. Dheweke ngucir mlayu nalika aku tekan dalan kang buntu. Sawise aku lunga uga ora tau ana layang saksuwek tembung sakecap kang martakake kahananku."

"O kuwi ta sebabe, kamongka pemudha mau wis didhawuhi dening calon maratuwane, aja pati kirim<sup>2</sup> layang yen durung tekan titi mangsane," mas Hut melu<sup>2</sup> nganggo ukara pemudha.

"Apa ora bisa kanthi dhedhemitan?" aku nutuh.

"Jeneng mantu sing slingkuh yen ngono," wangsulane mas Hut, kang banjur dibacutake: "Mula kuwi, saiki, bapak ibu ngendika, yen titi wanci mau wis tekan. Dhik Nil slamet sajrone ana pendadaran, semono uga aku. Mula kuwi panyuwunku supaya gagasan kaya ing dhuwur mau disuwak. Dhik Nil bareng kondur karo aku, lan nerusake apa kang dadi gegayuhan kita sakawit.

"Hm, aku wis kebacut gela kok mas; aku luwih seneng urip dhewe kaya ngene iki," wangsulanku.

Angine saya adhem. Aku jenggelak tangi, nutup jendhela kamar. Ing antarane mega<sup>2</sup> kang mlaku alon<sup>2</sup> aku weruh wewayangane mas Hut. Aku mesem. Saiki mesthine dheweke lagi turon glibegan ngenteni-wangsulanku kang pasthi. Aku dhewe wis yakin yen aku bakal ngetutake dheweke. Bengi iki aku wis wiwit arep nata sandhanganku. Ora kendhat aku mbatin: Gusti pancen kuwasa. Tansah ana kaelokan kang dumadi. Kanthi swara lirik aku matur: Gusti, kula badhe dados Magdalena ingkang pasrah jiwa raga kanthi tulus dumateng sedaya sabda pangandika Panjenengan ingkang kawula tampi alelantaran Alkitab.



